

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis jeung déskripsi data, bisa disebutkeun yén ieu panalungtikan téh medar perkara kecap rajékan binarung rarangkén tina buku kumpulan carpon *Kanagan*. Hasil panalungtikan bisa dicindekeun di handap ieu.

- a. Kecap rajékan binarung rarangkén kapanggih aya 390 kecap kalayan frékuénsi makéna 646 kali.
- b. Kecap rajékan binarung rarangkén boga tilu tipe, nya éta:
 - (1) dwilingga binarung rarangkén anu ngawengku, (a) dwimurni binarung rarangkén jeung (b) dwiréka binarung rarangkén;
 - (2) dwipurwa binarung rarangkén; jeung
 - (3) dwimadya binarung rarangkén.
- c. Rarangkén anu marengan kecap rajékan kapanggih aya 24 nya éta rarangkén *di-*, *ka-*, *N-*, *mang-*, *pa-*, *sa-*, *-ar-*, *-an*, *-na*, *-keun*, *-eun*, *di- -keun*, *N- -keun*, *di- -na*, *sa- -na*, *N- -na*, *N- -eun*, *N- -ar-*, *ti*, *di- -an*, *pa- -an*, *ka- -an*, *ka- -na* jeung *pa- -na*. Éta standar arangkén téh marengan tipe-tipe kecap rajékan. Ku kituna muncul rupa-rupa kecap rajékab binarung rarangkén.
 - (1) Kecap rajékan dwimurni binarung rarangkén aya 16 rarangkén di antarana nya éta *di-Rdm*, *ka-Rdm*, *N-Rdm*, *mang-Rdm*, *pa-Rdm*, *sa-Rdm*, *-ar-Rdm*, *Rdm-*

an, Rdm-na, Rdm-keun, Rdm -eun, di-Rdm-keun, N-Rdm-keun, di-Rdm-na, sa-Rdm-na jeung N-Rdm-na.

(2) Kecap rajékan dwiréka binarung rarangkén aya 5 rarangkén di antaran nya éta rarangkén *diRdr-, Rdr-na, N-Rdr-na, N-Rdr-eun, jeung pa-Rdr-na.*

(3) Kecap rajékan dwipurwa binarung rarangkén aya 17 rarangkén di antaran nya éta rarangkén *di-Rdp, ka-Rdp, N-Rdp, pa-Rdp, ti-Rdp, Rdp-an, Rdp-na, Rdp-keun, Rdp-eun, -arRdp-, di-Rdp-keun, di-Rdp-na, di-Rdp-an, ka-Rdp-an, pa-Rdp-an, N-Rdp-keun jeung N-Rdp-ar-.*

(4) Kecap rajékan dwimadya binarung rarangkén aya 5 rarangkén di antaran nya éta rarangkén *ka-Rdy, pa-Rdy, sa-Rdy, ka-Rdy-na, jeung sa-Rdy-na.*

d. Rajékan binarung rarangkén ngabogaan dua fungsi nya éta fungsi infléktif jeung jeung fungsi derivatif.

(1) Fungsi infléktif binarung rarangkén nya éta $N \rightarrow N, V \rightarrow V, Adj \rightarrow Adj,$

$Adv \rightarrow Adv, jeung Num \rightarrow Num.$ Fungsi infléktif anu pangmindengna muncul nya éta fungsi $Vérbal \rightarrow Vérbal$ aya 125 kecap (32,05%), frékuénsi makéna 177 kali (27,39%). Ari fungsi anu pangsaeutikna muncul nya éta fung infléktif $Numeral \rightarrow Numeral$ aya 15 kecap (3,84%), frékuénsi makéna 48 kali (7,43%%).

(2) Fungsi derivatif rajékan binarung rarangkén nya éta $Adj \rightarrow N, V \rightarrow N,$

$Prakatégorial \rightarrow N, Adv \rightarrow V, N \rightarrow V, Adj \rightarrow V, Num \rightarrow V,$

$Prakatégorial \rightarrow V,$

$N \rightarrow Adv$, $Num \rightarrow Adv$, $N \rightarrow Num$, jeung $V \rightarrow Num$. Fungsi derivatif nu pangmindengna muncul nya éta fungsi Adjektival \rightarrow Vérbal aya 40 kecap (10,25%), frékuénsi makéna 77 kali (1,91%). Ari anu pangsaeutikna muncul nya éta fungsi derivatif Numeral \rightarrow Vérbal jeung Vérbal \rightarrow Numeral masing-masing aya sakecap (0,25%), frékuénsi makéna masing sakali (0,15%).

- e. Dumsar kana hartina kecap rajékan binarung rarangkén kapanggih aya 18 kecap rajékan binarung rarangkén, nya éta harti (1) 'statif', (2) 'diversitas', (3) 'diminitif', (4) 'distributif', (5) 'éksésif', (6) 'frékuéntif', (7) 'inténsitas', (8) 'indérmintif pasif', (9) 'indéterminatif frékuéntif', (10) 'komparatif', (11) 'kontinuitas', (12) 'résultatif', (13) 'partitif', (14) 'superlatif', (15) 'plural', (16) 'imitatif', (17) 'sirkuntamsial', jeung (18) 'supposisi'. Harti nu pangmindengna muncul nya éta harti "kontinuitas" aya 106 kecap (27,18%), frékuénsi makéna 136 kali (21,05%). Ari nu pangsaeutikna muncul nya éta harti 'partitif' ngan ukur sakali (0,25%) sarta frékuénsi makéna ogé sakali (0,15%).

5.2 Saran

Ieu panalungtikan téh kakara nganalisis kecap rajékan binarung rarangkén tina sumber tinulis nya éta buku kumpulan carpon *Kanagan*. Ku kituna, dipiharep pisan sangkan aya panalungtikan séjén anu nyukcruk kecap rajékan binarung rarangkén nu leuwih jero tina rupa-rupa sumber. Panalungtikan nu leuwih lengkep dumasar kana sumber lisan masih keneh can kagarap.

Carpon anu dianalisis kecap rajékan binarung rarangkén tina buku kumpulan carpon *Kanagan* téh ngan ukur sapuluh judul carita, sok sanajan kabéhna aya opat puluh hiji judul carita. Ku kituna, panalungtikan anu leuwih jero tina sakabéh carpon ngeunaan kecap rajékan binarung rarangkén masih perlu diteruskeun, utamana dikaitkeun kana bahan pangajaran.

